



Chè fanmi,

Apati **12 oktòb 2021**, pitit ou a pral oblije sign in nan Chromebook DOE li a avèk non itilizatè (username) ak modpas DOE li a. (Sa a se '@nycstudent.net account' li.)

Chanjman sa a pèmèt DOE ajoute filtè kontni enpòtan ki pral pwoteje pitit ou a ak kominote DOE a kont kontni ki ka reprezante danje sou entènèt. D epi pitit ou a fin sign in nan DOE Chromebook li a avèk kont DOE li a, l ap kapab gen aksè nan kont lekòl li a avèk aparèy sa a.

- Ou ka enfòmasyon sou kont DOE pitit ou a nan schools.nyc.gov/studentaccounts.
- Si w gen yon kont lekòl Vil Nouyòk (New York City Schools Account, NYCSA) (<https://www.schools.nyc.gov/NYCSA>) ou ka gen kontwòl modpas pitit ou a nan pòtal paran an. Sèlman chèche "kontwòl kont" ("Manage Account") epi chwazi modpas elèv ("Student Password").
- Si pitit ou a sign in nan DOE Chromebook li avèk enfòmasyon ki apwopriye yo men aparèy la pa fonksyone jan w te vle a, oswa si li pa kapab sign in nan aparèy la avèk enfòmasyon yo, ou ka ouvri yon tikè nan <https://www.nycenet.edu/technicalsupportforfamily> oswa rele nan 718-935-5100, opsyon 5.

Avèk respè,
Biwo enstriksyon teknoloji ak enfòmasyon
Depatman Edikasyon Vil Nouyòk